

Sa ou ka fè

1. **Konnen siy yo.** Kòmande Kat Endikatè nou yo. Se ti kat nou gen nan 17 lang sou siy kle yo. Ou ka distribiye kat sa yo nan zòn ou. Epi tou nou te devlope Kat Endikatè pou pèsonalize pou moun k ap bay sekou nan ka ijan ak moun k ap travay nan domèn sante. Aprann plis sou: www.dhs.gov/Bluecampaign.

2. **Fè rapò.** Si w kwaze ak yon moun ou panse kapab yon viktim trafik moun, oswa si ou ap travay nan lapolis epi ou vle kontakte HSI nan zòn ou a, kontakte **Liy Telefòn HSI la:**

- **Rele (866) 347-2423** (gratis Ozetazini ak Kanada)
- **Rele (802) 872-6199** (nimewo ki pa gratis pou rele nenpòt kote nan monn nan)
- Oswa fè rapò sou entènèt nan www.ice.gov/tips (nenpòt kote ou ye)

Espesyalis ki byen fòme disponib 24 sou 24, 7 jou nan semèn nan, pou resevwa rapò sou moun y ap trafike ek pou pataje enfòmasyon an byen vit ak investigatè sou trafik moun toupatou nan peyi a ak nan lemonn. Ou ka fè rapò san ou pa bay non ou nan fòm sou entènèt la ak nan liy telefòn gratis la.

Rele Sant Resous Nasyonal Sou Trafik Moun [National Human Trafficking Resource Center (NHTRC)] nan 1-888-373-7888 pou:

- Jwenn èd epi twouve yon kote ki ofri sèvis nan zòn ou a;
- Bay enfòmasyon sou aktivite kote yo ka ap trafike moun; oswa
- Aprann plis ak fòmasyon, asistans teknik, oswa resous..

NHTRC se yon liy telefòn nasyonal gratis ki la pou reponn apèl ki soti tout kote nan peyi a, 24 sou 24, 7 jou nan semèn nan, chak jou nan ane a. NHTRC pa yon otorite lapolis oswa imigrasyon epi se yon òganizasyon non gouvènmantral ki opere li.

3. **Al konnen plis sou Investigasyon Sekirite Nasyonal [Homeland Security Investigations (HSI)] nan zòn ou a.** Rele Liy Telefòn HSI a pou pale ak Ajan Espesyal HSI yo ak Espesyalis Asistans Viktim yo k ap travay sou zafè moun y ap trafike nan zòn ou a epi kreye

yon relasyon ak yo, menm avan ou gen yo ka pou investigate ansanm ak yo. Kolabore pou pataje enfòmasyon nou jwenn sou ka yo.

4. **Al konnen plis sou fòs operasyon nan zòn ou a.** Fòs Operasyon Pou Trafik Moun yo gen nan yo polis ak avoka nan nivo federal, lokal, konte ak tribi, epi tou gen ONG k ap bay viktim yo sèvis. Pou konnen si gen yon Fòs Operasyon Pou Trafik Moun nan zòn ou a vizite www.bja.gov. Si gen youn ki egziste, kreye yon relasyon ak li pou travay ansanm.

5. **Edike tèt ou ak kolèg travay ou yo.** Si nan lapolis fòmasyon sou òdinatè nou an montre diferan estrateji pou fè entèvyou ak investigasyon ki ka ede ou pi efikas. Ale sou: www.fletc.gov/training/programs/human-trafficking-training-program. Si w ap travay nan domèn sekou pou ka ijan oswa lasante, pran fòmasyon nou an sou entènèt epi gade videyo pou moun ki bay sekou nan ka ijan yo. Ale sou: www.dhs.gov/Bluecampaign.

6. **Vizite sitwèb Kanpay Ble a.** Pou plis fòmasyon, materyèl pou pale ak moun, materyèl pou ede viktim, ak enfòmasyon kijan ou ka antre nan kontak pou fini ak zafè trafike moun nan, ale sou: www.dhs.gov/Bluecampaign. "Like" nou sou Facebook: www.facebook.com/bluecampaign. Oswa, kontakte nou nan BlueCampaign@hq.dhs.gov.

IDANTIFIKASYO N VIKTIM

Moun nan nan lapolis,
bay sekou nan ka jan,
ak
moun ki travay nan
domèn lasante

KISA W KAPAB FÈ?

Pou idantifye viktim ak pale sou ka nou sispèk y ap trafike moun

KISA W KAPAB FÈ?

Pou idantifye viktim ak fè rapò sou ka nou sispèk y ap trafike moun

Gen Viktim Nan Gwo Lajounen

Ou gendwa kwaze yon moun ki ka yon viktim trafik moun pandan w ap travay. Viktim trafik moun yo nan kominote nou yo. Lapolis ka kontre ak viktim pandan yo rele pou zak vyolans domestik; lè y ap reponn pou ensidan nan kote yo bay masaj, ba, ak kote moun ap danse toutouni; oubyen menm si yo kanpe yon moun nan sikilasyon. Moun ki bay sekou nan ka ijan ak moun ki travay nan lasante ka remake siy pandan y ap reponn pou ka ijan oswa trete pasyan nan lopital oswa kay doktè. Enspekte nan domèn lasante ka jwenn viktim k ap travay nan restoran, nan faktori, sou sit konstriksyon, oswa nan fèm.

Viktim trafik ka gen nenpòt laj, yo ka nenpòt ras, yo ka fanm oswa gason, oswa nenpòt nasyonalite, menm ameriken

Yo kapab oswa pa kapab gen papye nan peyi a. N ap jwenn viktim nan sektè travay legal tankou ilegal; yo atire kèk ak fo pwomès bèl travay oswa menm lanmou. Souvan, yo fòse yo travay tankou domestik, travay nan fèm oswa faktori, oswa lòt kalite travay fòse, oswa pwostitisyon. Daprè lwa federal, chak minè yo fè patisipe nan pwostitisyon se yon viktim trafik moun.

Kijan Trafikè Yo Opere

Moun k ap trafike yo al dèyè moun ki san pwoteksyon nan sosyete a. Yo gade moun ki frajil pou plizyè rezon, tankou moun ki ge pwoblèm lajan, vyolans lakay yo, dezaz natirèl, oswa enstabilite politik. Trafikè yo itilize diferan estrateji pou pyeje viktim yo, tankou menase vyolans, oswa sikoloji pou fòse yo tou. Chòk

la kapab tèlman fò ki fè anpil moun gendwa pa idantifye tèt yo kòm viktim oswa mande sekou, menm si yo kote ki gen anpil moun.

Siy Trafik Moun

Si w rekonèt endikatè kle yo ou ka sove lavi yon moun. Premye etap la se idantifye viktim yo. Se pa tout endikatè ki nan lis pi ba a w ap wè nan tout sitiyasyon y ap trafike moun. Menm si genyen oswa pa genyen nenpòt endikatè sa pa vle di y ap trafike moun.

Si w ap travay nan lapolis, tanpri kontakte biwo Envestigasyon Sekirite Nasyonal [Homeland Security Investigations (HSI)] oswa Fòs Operasyon Pou Trafik Moun nan zòn ou an pou travay ansanm sou yon envestigasyon, oswa fè yon rapò sou yon zak ou sispèk. HSI responsab pou fè envestigasyon sou trafik moun epi arete trafikè yo. Kapab gen pwotokòl pou òganizasyon an menm ou dwe swiv pou kontakte sipèvizè ou epi mete otorite lokal ki apwopriye a sou dosye a. Si w ap travay nan sekou pou ka ijan, tanpri fè rapò sou ka ou sispèk yo. Sekirite ou menm ak viktim nan gen anpil enpòtans. **Si w p ap travay nan lapolis pa janm eseye konfwonte yon moun ou sispèk ap trafike moun oswa al di yon viktim sa ou sispèk.**

Endikatè Travay ou Sèvis

Èske yo te rekrite moun nan pou yon travay epi y ap fòse li fè yon lòt travay?

Èske yo kenbe lajan moun nan travay pou li swadizan peye dèt ?

Èske yo te fòse moun nan kouche ak moun? Èske moun nan se yon jenn moun nan ap patisipe nan pwostitisyon?

Èske moun nan travay anpil ak/epi nan lè ki pa nòmal?

Èske moun nan pa gen ase rad sou li pou sitiyasyon oswa travay l ap fè a?

Endikatè Kontwòl

Èske moun nan gen pyès idantite ak dokiman vwayaj li nan men li; si li pa genyen yo nan men kiyès yo ye?

Èske moun nan sanble yo di li kisa pou li di? Èske yo ak yon moun ki sanble l ap kontwòle sitiyasyon an?

Èske yo menase moun nan oswa fanmi li pou fè yo mal?

Èske moun nan sanble li pè pale ak moun oswa li timid?

Èske yo te menase y ap depòte moun nan oswa rele lapolis pou li?

Èske moun nan twouble, pè, oswa li montre siy abi mantal oswa fizik?

Èske li ka kontakte zanmi oswa fanmi li lè li vle?

Èske moun nan ka sòti oswa ale legliz lè li vle?

Endikatè Kondisyon Vi

Èske moun nan manke bagay pa li epi li sanble li p ap viv yon fason estab?

Èske moun nan ka deplase lè li vle? Èske moun nan ka kite kote li rete a lè li vre? Èske gen lòt mezi sekirite ki pa rezonab?

Èske yo pa kite moun nan manje, bwè dlo, dòmi, al kay doktè oswa lòt bagay ki nesèsè?

Endikatè Vwayaj

Èske moun nan konn destinasyon final li? Oswa jan pou li rive la?

Èske moun nan konnen kiyès l ap rankontre nan destinasyon final li?

Èske gen yon timoun k ap vwayaj ak yon moun ki pa sanble li se vrè paran oswa responsab legal li.

Endikatè Medikal

Èske moun nan gen mak, kote ki boule, koupe, oswa gen enfeksyon?

Èske yo anpeche oswa limite moun nan pou pale sou jan sante li te ye avan?

Èske moun ki ge pwoblèm pou pipi, vant fè mal, gwsès, oswa chòk nan twou dèyè.

Èske moun nan gen okenn gwo pwoblèm do, pou tande, nan kè oswa pou respire.

Èske moun nan pa ka wè byen oswa li ge pwoblèm nan je?

Èske moun nan sanble li malnouri oswa li gen gwo pwoblèm dan?